



Pou Piblikasyon Imedya: 09/23/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TRANSFÓMASYON \$35 MILYON ROBERTO CLEMENTE STATE PARK AK BÓDMÈ A TE KÓMANSE

Pwojè ap ranplase domaj gwo tanpèt Sandy avèk yon bòdmè ki pi vèt, pi rezistan a tanpèt

Gade evolisyon pwojè a [La](#) ak [La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman konstriksyon yon pwojè \$35 milyon pou fè zòn bòdmè Rivyè Harlem Roberto Clemente State Park vin pi vèt ak pi rezistan pou tanpèt. Pwojè yo pral ranfòse park la ak katye avwazinan yo kont inondasyon, ansanm avèk renove plaza anlè park la pou kreye yon antrel ki pi akeyan pou 1.3 milyon vizitè park la.

“Travay ki ankou nan Roberto Clemente State park se yon lòt egzanp de travay nou pou ranfòse enfastriki enpòtan epi fè kominote nou yo vin pi rezistan nan nouvo reyalite move tan sa a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa a pral amelyore yon mezi pwoteksyon kotyè enpòtan pou katye Morris Heights, ede pou pwoteje rezidan yo nan zòn lan, biznis ak park kont enpak pwochen tanpèt ak inondasyon.”

Anons lan vini pandan semèn chanjman klima, ke Gouvènè Cuomo te pwoklame nan dat 22-29 septanm pou souleve sansibilizasyon sou defi nap fè fas avèk yon chanjman klima ak pou montre aksyon New York pou ogmante rezistans epi diminye emisyon pandan ke lidè mondyal yo ap rankontre nan Vil New York semèn sa a. Nan Roberto Clemente State Park, konstriksyon an te kòmanse sou de gwo pati nan enfastriki ane 1970 park la: ranplase klwazon annasye 2,200 pye ak renovasyon plaza siperyè park la.

Pwojè dezan \$28 milyon an pou rebati klwazon an avèk yon plan ki pi rezistan epi amelyore zòn esplanade adjasan an ki vini apre dekouvet kowozyon grav nan parwa asye dig la epi pèt ranblè anba esplanad park la apre pasaj gwo tanpèt Sandy. Bòdmè ki gen yon lòt konsepsyon an pral bay plis pwoteksyon kont inondasyon; rezistans nan siklòn ak enfrastrikti vèt. Esplanad demode a pral reyabilite nan yon kad ki pi sanble avèk yon pak; prezante yon chemen bisiklèt /pyeton ki pataje; ki bay sou rivyè a, nouvo lansman bato, nouvo zòn pèfòmans, nouvo plantasyon ak yon bèl zòn mare 9,000-pye-kare ki pral bay abita natirèl pou lavi plant ak bèt epi absòbe anpil lapli. Amelyorasyon sa yo pral bay sekirite, nouvo aksè a rivyè Harlem ak avanse opòtinite edikasyon anviwonmantal inik.

Pwojè a finanse grasa yon prim blòk sibvansyon Soulajman Dezas Devlopman Kominotè ki soti nan Depatman Devlopman Lojman ak Iben Etazini e yo prevwa pou l fini nan ete 2017.

Komisyonè State Parks Rose Harvey te deklare, “Mwen rekonesan anpil pou angajman ak lidèchip Gouvènè Cuomo nan reponn a pi gwo tanpèt fewòs lè nou rebati pi solid ak pi entelijan pase anvan. State Parks la kontan anpil pou l kòmanse sou pwojè enpòtan sa yo. Nou temwen kòmansman yon gwo transfòmasyon nan Roberto Clemente State Park ki pral non sèlman absòbe epi atenyè enpak gwo tanpèt yo ki parèt souvan, men li pral ranfòse epi amelyore jwisans park la pou vizitè nou yo.”

Direktè Egzekitif pa Entèrim Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a Lisa Bova-Hiatt te deklare, “Kòm nap kontinye efò nou pou kreye yon New York ki pi rezistan ak pifò, nou rete angaje pou pwoteje kominote yo toupatou nan eta ak pou ranfòse rezo enfrastrikti ki pi enpòtan toupatou nan eta. Avèk pwojè yo ki ankou sou teren an nan Roberto Clemente State Park, nou nan yon etap pi pre pou reyalize rèv sa pou rezidan ak biznis yo nan Bronx. Grasa pwojè sa, nap non sèlman depoze fondasyon pou konbat pwochen tanpèt yo, men tou nap chèche pou restore ak re-imagine yon espas piblik ke yo renmen ki nan kè kominote Morris Heights.”

Pwojè \$7 milyon pou reyabilite zòn anlè plaza pral ranplase sipò estrikti annasye li a ak platfòm, rebati eskalye ki kraze a nan nivo anba, bay plis panorama sou park la, amelyore peyizaj epi deplase gwo estati an bwonz Roberto Clemente yon kote ki pi enpòtan nan antre park la.

Amelyorasyon sa yo te jwenn sipò finansman ki soti nan inisyativ NY Park 2020 Gouvènè Cuomo, yon sibvansyon \$500,000 ki soti bò kote Prezidan Awondisman Bronx Ruben Diaz Jr. ak yon sibvansyon \$500,000 ki soti bò kote Manm Konsèy Vil New York Vanessa Gibson. Travay la espere fini nan fen otòn 2016 ak nan 2017, lòt travay anplis

prevwa pou kòmanse sou pwojè yo kap kontinye revitalize zòn litoral nò park la.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "Yon nouvo Roberto Clemente State Park ki rezistan a tanpèt se jis kalite pwojè sa nou te genyen nan lespri lè nou tap elabore pwojè lwa soulajman Sandy nan Kongrè a e mwen kontan paske konstriksyon an te kòmanse. Pwojè enfastrikti vè a se yon solisyon inovè pou for Roberto Clemente State Park paske lap ede pwoteje kominote yo nan Bronx kont pwochen inondasyon e anmentan atire plis vizitè pou ane kap vini yo."

Depite Charles Rangel te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li investi nan enfastrikti ansanm avèk litoral Robert Clemente Park ki se yon trezò nan distri nou an. Amelyorasyon yo ki te kòmanse jodia pral restore parkland lan pou vizitè yo epi pwoteje kominote lokal nou yo pou reziste a pwochen tanpèt ak inondasyon. Mwen remèsye New York State Parks, Recreation and Historic Preservation pou travay ekselan yo e mwen enpasyon pou m vizite park la apre renovasyon an fini."

Depite José E. Serrano te deklare, "Mwen kontan pou m wè pwojè sa demare, sa ki te posib grasa an pati plizyè milyon dola nan sibvansyon federal yo. Pwojè renovasyon Roberto Clemente State Park pral fè park la ansanm avèk zòn avwazinan yo vini pi rezistan pou move tan. Li pral amelyore youn nan zòn prensipal yo pou fè l vin pi akeyan pou vizitè park yo. Apre li fini, rezidan Bronx yo pral gen aksè ki pi modèn ak etablisman rekreyasyon ki pi ansekirite."

Senatè Eta Adriano Espaillat te deklare, "Li apwopriye ke nap anonse kòmansman pwojè sa a nan mitan semèn klima paske sa se kalite travay nou dwe fè nan vil ak eta pou pwoteje katye nou yo kont ogmantasyon menas tanpèt grav akòz de chanjman klima. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te asire ke travay la fèt. Nou tout te wè domaje siklòn Sandy te fè nan vil sa a, rebati klwazon an epi renove plaza pral ede mete fen nan inondasyon pandan pwochen tanpèt la."

Senatè Eta José M. Serrano te deklare, "Anpil remèsiman pou Gouvènè Cuomo paske li te travay pou pwoteje Roberto Clemente State Park ak kominote avwazinan yo kont move tan. Ranflouman \$35 Milyon sa pral san dout bay yon anviwonman park ki pi akeyan ak pi ansekirite pou vizitè yo. Kòm yon manm ki la lontan nan Komite Sena sou Afè Kiltirèl, Touris, Parks & Recreation, mwen konnen opòtinite edikasyon ak lwazi park eta nou yo bay. Yon investisman nan state parks nou yo se yon investisman nan prezève bote natirèl, kominote ki pi ansante ak kwasans ekonomik."

Senatè Eta Gustavo Rivera te deklare, "Transfòmasyon sa a pral ede revitalize bòdmè Roberto Clemente State Park yon efò pou ede pwoteje rezidan nou yo kont

katastwòf natirèl epi amelyore eksperyans yo pandan yap vizite park la. Mwen felisite Gouvènè Andrew Cuomo, Biwo Rekiperasyon Tanpèt Gouvènè a ak Biwo New York State Parks, Recreation and Historic Preservation paske li te alatèt pwojè enteresan sa yo."

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare, "Roberto Clemente State Park se yon evazyon enpòtan pou kominote Bronx, fanmi l ak timoun nou yo. Moun Bronx, ak rezidan yo nan distri mwen an fyè pou yo rele tèt yo Bronxites; nou gen chans pou n genyen yon bèl park konsa nan awondisman nou an. Se poutèt sa mwen konplimante travay Gouvènè. Andrew Cuomo ansanm avèk administrasyon li a paske yo transfòme bòdmè Roberto Clemente State Park epi pwoteje rezidan avwazinan yo kont danje presipitasyon dlo inondasyon nan ka yon tanpèt. Gwo tanpèt Sandy te ka kite kèk mak sou Roberto Clemente State Park, men grasa fon adisyonèl ki soti bò kote Gouvènè a, avni li kòm yon poto mitan nan Bronx ap prezève. Mwen apresye tou travay kòlèg eli mwen yo nan Bronx, kòm yo te ede pou garanti renovasyon an nan plaza park la."

Manm Asanble Victor Pichardo te deklare, "Envesti \$35 milyon nan Roberto Clemente State Park pou rezistans tanpèt se yon investisman ki nesèsè anpil ak istorik. Mwen aplodi angajman Gouvènè Cuomo pou fè sa vini yon pwojè wo priorite pou eta e map rete tann pou m travay avèk Prezidan Heastie, Manm asanble Joyner ansanm avèk tout kòlèg mwen yo pou ede wè pwojè sa fini."

Manm Asanble Keith Wright te deklare, "Mwen kontan sou redevlopman youn nan bijou presye vil nou an, Roberto Clemente Park. Pandan anpi lane, rezidan Bronx yo te itilize Roberto Clemente Park pou aktivite famiyal, ekip espò ak lwazi kè kontan. Nouvo transfòmasyon \$35 Milyon an pral asire non sèlman yon peyizaj ki pi vè, pi panoramik, men avèk nouvo enfrastrikti a, pwomès pou pwoteje kont gwo tanpèt ak devastasyon ki menm jan avèk sa nou te wè apre siklòn Sandy. Sa pat ka rive nan yon pi bon moman e mwen enpasyan pou m vizite park la lè pwojè a fini nan ete 2017."

Prezidan Awondisman Bronx Ruben Diaz Jr. te deklare, "Li enteresan pou wè ke Roberto Clemente State Park pral genyen renovasyon ki pi nesèsè ke li merite. Pwojè sa non sèlman ajoute espas vè nan zòn nan, ki se kay plizyè milye rezidan ansanm avèk de bilding lekòl piblik; ansanm avèk enfrastrikti ki toupre Roberto Clemente State Park, tankou liy tren Metro-North nan zòn lan, de gwo tanpèt yo tankou sa nou te temwen nan 2012."

Manm Konsèy Vil la Vanessa Gibson te deklare, "Mwen aplodi vizyon Gouvènè Cuomo te pote pou renovasyon sa ki nesèsè anpil nan Roberto Clemente Park. Renovasyon ki planifye a pral pwoteje lari ak kay yo kont enpak chanjman klima pandan

lap ogmante rezistans espas vè yo nan kominote nou an e map rete tann pou m wè pwodui final la. Kòm konstriksyon an kòmanse, mwen remèsye Gouvènè a pou investisman l nan Bronx, Prezidan Ruben Diaz, Jr. pou angajman kontinyèl li nan awondisman nou an, ak tout entèvenan yo, lidè kominotè, ak defansè ki travay pou kreye yon park ki pi bon ak pi ansekirite pou tout moun."

Manm Konsèy Vil la Fernando Cabrera te deklare, "Parks la sèvi kòm yon lokal pou lwazi, egzèsis, ak rasanbleman sosyal pou rezidan vil la. Pyebwa yo nan park la amelyore kalite lè a, epi ogmante atrè estetik katye iben yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te investi nan enfrastrikti rezistan Roberto Clemente State Park pou asire ke rezidan Bronx yo pral gen aksè a yon espas vè, yon konpozan enpòtan sou kominote yo kap pwospere pou ane kap vini yo."

Transfòmasyon Roberto Clemente State Park montre angajman Gouvènè Andrew M. Cuomo pou modènize State Park yo epi ranvèse plizyè deseni neglijan, espesyalman nan park popilè yo ki vizite anpil. [NY Parks 2020](#) Gouvènè a se yon angajman plizyè ane pou ogmante yon laj varyete fon piblik ak prive pou investi apeprè \$900 milyon nan State Parks yo de 2011 jiska 2020. Bidjè Eta 2015-16 gen ladan \$110 milyon nan bi inisyativ sa a.

Nome apre premye Latino Ameriken ki te entwonize nan Basbòll Hall of Fame, Roberto Clemente State Park ofri yon varyete aktivite kiltirèl ak rekreyasyon pandan tout ane a pou jèn, adilt, granmoun ak moun ki andikape. Enstalasyon yo gen ladan yo yon bilding pou plizyè tip lwazi, yon konplèks pisin olenpik, teren boul, teren baskètbòl, zòn piknik, teren je.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 60 milyon moun ki vizite yo chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite www.nysparks.com, konekte sou [Facebook](#), oswa swiv nou sou [Twitter](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418